

Dwa ak Responsablite Patisipan yo nan Pwogram Iowa Women, Infants, and Children (Iowa pou Fanm, ti bebe, ak Timoun, WIC).

Dwa mwen kòm yon patisipan WIC:

- Règ pou antre nan WIC yo se menm pou tout moun kèlkeswa ras, koulè, nasyonalite, laj, andikap, oswa sèks.
- Objektif WIC se bay enfòmasyon sou nitrisyon, kòman pou bay tete, ak manje ki an sante epi mete m an kontak ak tout lòt sèvis sante oswa kominotè mwen ta ka bezwen. Yo ankouraje m pou m patisipe nan sèvis sa yo.
- Pwofesyonèl sante WIC yo ap travay avèk mwen pou devlope objektif nitrisyon yo pou sipòte yon vi ki an sante.
- Si mwen pral rete nan yon lòt eta, mwen m ap di WIC, epi y ap ban mwen papye transfè yo pou m ale avèk yo pou sèvis WIC mwen yo ka kontinye la a.
- Mwen ka mande pou yon Odyans san Patipri si anplwaye WIC la di m mwen pa kapab nan WIC epi si m mwen pa dakò. Mwen gen 60 jou apati de lè mwen resevwa lèt kalifikasyon mwen an pou mwen ekri oswa rele biwo lokal WIC mwen an epi mande youn.

Responsablite mwen kòm yon patisipan WIC:

- Si mwen patisipe nan plis pase yon pwogram WIC (nan eta a oswa andeyò eta) sa ilegal epi sa pral lakòz yo retire m nan pwogram nan.
- Map dakò pou yo fè yon tèst evalyasyon sante WIC pou tout aplikan WIC nan fanmi mwen. Depistaj sante WIC la gen ladan kesyon sou sante ak rejim alimantè, mezire wotè ak pwa, ak tèst san pou detekte anemi. Sa ede WIC bay benefis ki reponn a bezwen fanmi mwen.
- Map vini nan randevou mwen yo oswa rele davans si mwen pa kapab pran randevou mwen an.
- Map fè WIC konnen nenpòt chanjman enpòtan ki genyen, tankou enfòmasyon kontak mwen, chanjman non, ak chanjman siveyans pou timoun ki sou responsablite mwen kap resevwa sèvis WIC.
- Map trete manb pèsònèl WIC yo, anplwaye nan makèt yo, ak pwopriyete yo avèk koutwazi epi ak respè. Mwen konprann ke mwen menm, oswa nenpòt nan moun mwen bay otorizasyon, ka pèdi benefis manje WIC mwen yo si nou abize, farouche, menas oswa blese fizikman yon manm pèsònèl WIC yo, yon lòt kliyan WIC, oswa anplwaye makèt yo.
- Map achte sèlman manje ki apwouve yo ki nan lis benefis manje WIC mwen an ak kat eWIC yo ban mwen an.
- Map itilize manje WIC yo sèlman pou moun ki nan pwogram nan. Mwen konprann ke yo bay manje WIC sa yo pou ankouraje ak sipòte byennèt nitrisyonèl moun sa a epi pou ede pou yo kapab konsome bon jan kantite eleman nitritif oswa manje enpòtan yo.
- Mwen p ap fè komès, vann, transfere oswa echanj, oswa eseye fè komès, vann, transfere, oswa echanj okenn manje/lèt oswa benefis yo ban mwen. Mwen p ap

pèmèt okenn lòt moun fè komès, vann, transfere oswa echanj, oswa ofri komès, vann, transfere, oswa echanj okenn manje/lèt oswa benefis yo ban mwen.

- Map sere tout resi magazen yo pandan twa mwa pou manje oswa fòmil mwen achte ak lajan ki pa WIC ki idantik ak sa WIC bay si mwen gen entansyon vann, echanj oswa bay atik sa yo. Sa a se pou mwen ka pwouve ke mwen pa te achte yo ak lajan WIC mwen an.

Kòm yon Patisipan WIC, mwen konprann:

- Mwen dwe reaplike nan fen peryòd sètifikasyon an epi yo dwe fè yon lòt evalyasyon pou mwen pou kalifikasyon mwen pwogram nan.
- WIC pa bay tout manje oswa lèt pou ti moun ki nesèsè nan yon mwa paske WIC se yon pwogram siplemantè.
- Si mwen pa resevwa benefis manje pou 4(kat) mwa youn apre lòt, y ap retire m nan pwogram nan.
- The Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen, HHS) an ka otorize pataje enfòmasyon WIC mwen yo ak pwogram sante epi pwogram edikasyon espesifik. Pwogram sa yo ka itilize enfòmasyon sa yo pou detèmine si mwen kalifikafye pou pwogram yo, ban m enfòmasyon sou pwogram sa yo epi pou rann pwosesis aplikasyon an pi fasil; pou amelyore sante mwen, edikasyon, oswa byennèt mwen si mwen deja enskri nan pwogram yo a; ak epi asire ke bezwen swen sante mwen yo satisfè. Ajans WIC yo ak òganizasyon piblik yo ap itilize enfòmasyon sa yo nan administrasyon pwogram yo k ap sèvi moun ki elijib pou Pwogram WIC la. Mwen konprann HHS ka otorize pataje enfòmasyon WIC mwen yo tou jan lwa federal oswa lwa eta a mande oswa otorize a. Mwen ka mande yon lis pwogram HHS ki ka pataje enfòmasyon WIC mwen yo jan li ye nan Règleman WIC "Konfidansyalite Enfòmasyon sou Patisipan yo."

Yo te di mwen dwa ak obligasyon mwen genyen nan Pwogram nan. Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen te bay pou detèmine kalifikasyon mwen an kòrèk, dapre tout sa mwen konnen. Yo soumèt fòm sètifikasyon sa a paske yo resevwa asistans federal la. Moun kap travay ofisyèlman nan pwogram nan ka verifye enfòmasyon ki nan fòm sa a. Mwen konprann mwen fè yon fo deklarasyon oswa twonpe oubyen bay fo enfòmasyon a pwòp entansyon mwen, kache, oswa kenbe enfòmasyon sa yo ka lakòz mwen peye ajans Eta ak lajan kach, valè benefis manje ki pa kòrèk yo te ban mwen yo epi yo ka pouswiv mwen devan lajistis pou koz sivil oswa kriminel dapè lwa Eta ak lwa Federal la.

Non Patisipan (yo) WIC ki sètifye jodi a: _____

Ssiyati patisipan/paran/gadyen: _____

Dat: _____

Dapre lwa federal dwa sivil ak règleman ak règleman U.S. Department of Agriculture (Depatman Agrikilti US, USDA) la, enstitisyon sa a entèdi pou fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite sèks ak oryantasyon seksyèl), andikap, laj, oswa reprezay oubyen vanjans pou aktivite dwa sivil anvan yo.

Enfòmasyon sou pwogram nan kapab disponib nan lòt lang ki pa Anglè. Moun ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou enfòmasyon pwogram lan (pa egzanp, Lang Bray, gwo lèt, kasèt odyo, Lang siy Ameriken) ta dwe kontakte ajans leta oswa lokal ki responsab ki administre pwogram nan oswa USDA's TARGET Center nan (202)720-2600 ((vwa). ak TTY) oswa kontakte USDA atravè Sèvis Federal Relay la nan (800)877-8339.

Pou fè yon plent pou diskriminasyon nan pwogram nan, moun k ap fè plent lan dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòmilè pou plent sou diskriminasyon pwogram USDA a, yo ka jwenn li nan <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf> nan nenpòt biwo USDA rele nan (866)632-9992 oswa ekri yon lèt voye bay USDA. Lèt la dwe genyen non moun kap pote plent lan, adrès, nimewo telefòn, ak deskripsyon alekri aksyon diskriminatwa swadizan sa a epi ak tout detay pou enfòmè Asistan Sekretè Dwa Sivil la (ASCR) kòman ak ki dat vyolasyon dwa sivil sa yo di a te fèt. Yo dwe voye fòm AD-3027 nan ki ranpli a oswa lèt la bay USDA pa:

- (1) Lapòs: U.S. Department of Agriculture Office of the Assistant Secretary for Civil Rights 1400 Independence Avenue, SW Washington, D.C. 20250-9410; oubyen
- (2) Fax: (833)256-1665 or (202)690-7442; oubyen
- (3) Imèl: program.intake@usda.gov

Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite legal.